

дин ва гIумру

**ХIаким – халкъалъул хъулухъчи**

Стр. 3

спорт

**Росносез чIел босана**

Стр. 4




# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

**№ 16 * декабрь 2017 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.**




# *Баркула цIияб сон!*

ХIурматиял районцоял! Баркула нужода тIаде бачIунеб цIияб 2018 сон! Дица тIоцебе гьарула нужое щулияб сахлъи, халатаб ва баракатаб гIумру, цIияб соналъ цIи-цIиял бергьенлъаби, араб соналъго гIадин. Нилъеца кIвараб хIаракат бахъана исанасеб соналъ район цIигьабизе, жамагIаталъул гIумру лъикIлъизе. Дица нуж ахIулел руго кидаго гьадин берцинго районалъул нухмалъигун цадахъ рекъон хIалтIизе, гьечIо нилъее цолъи гIадаб кумек ва къуват. Нижеца кIвараб хIаракат бахъулеб буго цIияб гIелалъул гIумру гвангъараб ва талихIаблъун лъугьине. Исанасеб соналъ нилъеца гIемераб хIалтIи гьабун буго ва бачIунеб соналъ гьабизеги гIезегIан хутIун буго.

Нилъер районалде шагьра-нухалда хъил тIеялъул хIалтIи лъугIулеб буго, районалда жанир хъил тIун къачIалел руго къватIал, тIоритIана районалда гIемерал спортивиял къецал, нилъер ракьцояз гIемерал чIахIиял бергьенлъби росана республикаялда, улкаялда ва тIолабго дунялалда. КIудияб кIвар кьолеб буго гIун бачIунеб гIелалъе. Районалъул нухмалъиялъ щибаб росулъе щун хал-шал гьабулеб буго нилъер ракьцоязул суалал рорхизе, яшав лъикIлъизе. Нижеца ралел руго цIиял социалиял объектал, гьабулеб буго райцентралда кIудияб парк, рагIалде бахинабуна гIор кIанцIиялдаса цIуниялъул хIалтIи. Жеги гьел гурел руго гIемерал хIалтIаби, киналго рехселаро.

2018 соналъ хасаб кIвар кьезе буго хъутабазда ругел нилъер районцоязе. Гьенибе бахъизе буго газ. Гьениб гIумру гьабулеб буго нилъер гIемерисеб жамагIаталъ, 12 азарго чияс. Районалъул нухмалъи кидаго хIадурун буго хIалкIвараб кумек жамагIаталъе гьабизе, хIалай рахъине. Нужер киналго балагьалги къварилъабиги араб сонгун цадахъ кIочене тайги ва бачIунеб соналъ талихIалъгун рохалид цIейги нужер щивасул рукъ. ТIаде бачIунеб цIияб сонги баракатабгун рохалиаблъун лъугьайги.

**Районалъул бетIер**
**Ражаб РАЖАБОВ**

# «ЛъаратIа, ЛъаратIа, лълъар борхе васал!»

*Районалда тIобитIана цIияб сон баркиялъул концерт*






**Щибаб соналъго гIадин гьаб лъагIалил ахиралдаги, гIадат хвезе течIого тIобитIана ЛъаратIа цIияб сон баркиялъул концерт. 27 декабралда культурияб рукъалъул минаялда ракIарана гIемерал чагIи, чIахIиял хIакимзабаздаса арал гIадатиял гIадамазде щвезегIан. Исана районалда цIияб сон баркизе щвана республикаялъул Халкъияб собраниялдаса депутаталги. Республикаялда лъаратIисел лъала аваданал, кечI-макъан бокьулел гIадамал ругеллъи. Гьеб хIужа ритIухъ гьабуна ЛъаратIа культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз кьурдиялда ва кочIодалъун.**

ЛъаратIа районалъе гьеб хасиятаб иш буго, кьурдиялъ районцоял хIикмалъизаризе бигьаяб хIалтIи гуро. Республикаялдаса щварал нилъер ракьцоял, Халкъияб собраниялъул депутатал Ражаб ГIабдулатIипов ва МухIамад МахIачевас кутакаб къимат кьун, реццун зодоре рахинарун тана культурияб идараялъул хIалтIухъаби. Кьурдизе нилъ гIадал чагIи гьечIила республикаялда. Гьел гурел жеги цоги районалъул хIакимзаби, росабазул бегавулзаби ва идарабазул хIалтIухъаби гIемерисел гIахьаллъана концерталда. КIалъазе рагIи босана Ражаб ГIабдулатIиповас. Гьев нилъеда лъала культураялъул, спорталъул, лъайкьеялъул ва туризмалъул комитеталъул председатель вукIин.

*Ахир 2 аб. гьум.*



# «ЛъаратIа, ЛъаратIа, лълъар борхе васал!»

*Районалда тIобитIана цIияб сон баркиялъул концерт*

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьединлъидал Ражабица гьел киналго рехсарал хьулухъазда хурхун районалда бугеб ахIвал-хIал цебе чIезабуна.



«2017 сон букIана нилъее лъугьа-бахъиназ цIураб ва гьединго рохалил лахIзаталги гьорлъ ругеб. Культураялъул, лъайкьеялъул, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIолеб буго. 2017 соналъ нилъер район буго социалиябгун экономикияб рахъалъ цебесеб кьерда. Гьеб кIудияб бергьенлъи буго. Цереккун киданиги рукIинчIо нилъ гьеб даражаялда. Лъиениги балъголъи батиларо гьеб бергьенлъуе кIудияб квербакъи Рамазан ГIабдулатIиповас гьабун бугеблъиги. Гьединго цебетIолеб буго нилъер районалъул спортивияб рахъги. Нилъер ракьцояз росунел руго чIахIиял бергьенлъаби республикаялда, улкаялда ва тIолабго дунялалда. Нилъер районалдаса вахъана кIиго Россиялъул чемпион боксалъул рахъалъ. Ва гьел гурел руго жеги чIахIиял бергьенлъаби. БачIунеб соналъги хьул буго гьел жеги гIемерлъизе» - ян абуна Ражаб ГIабдулатIиповас.

Гьединго районалъул жамагIаталда нухмалъиялъул рахъалдасан цIияб сон баркизе цеве вахъана районалъул бетIер Ражаб Ражабов.

«Хириял районцоял, ракI-ракIалъ баркулеб буго нужеда тIаде бачIунеб цIияб 2018 сон! Кьеги нужер щивасе талихIгун роххел ва сахлъи. ЦIалулъ, спорталда, гIелмуялда, культураялда киса-кибего гьарула битIккей.

Биччанте цIияб сон нужер киназего цIиял бергьенлъабаз цIун букIине. Гьарула киналго районцоязе лъикIаб, парахатаб ва гIатIидаб гIумру!!» - ян абуна Ражаб Ражабовас.

Концерт лъугIарабго районалъул бетIерас шапакатал кьуна батIибатIиял идарабаздаса лъикIал, ракIбацIадал хIалтIухъабазе.

## БЕЗОПАСНОСТЬ ПРИ ПРОВЕДЕНИИ НОВОГОДНИХ ПРАЗДНИКОВ

**Каждый год в Тляратинском районе проводятся новогодние праздники в школах района. При проведении новогодних праздников необходимо, соблюдать меры пожарной безопасности. При установке елки необходимо установить ее так, чтобы ветки елки не касались стен и потолка, не использовать горючие и легковоспламеняющиеся украшения, вату и марлю.**




С пола необходимо убрать ковровые дорожки и паласы. Во время проведения праздника необходимо все двери эвакуационных выходов держать открытыми. Помещение в котором проводится праздник необходимо обеспечить первичными средствами пожаротушения, детей не одевать в легковоспламеняющиеся вещи. Необходимо чтобы были дежурные из числа ДПД и ДЮП на сцене и в зале.

Не допускать переполнения зала людьми, проходы между рядами не загромождать стульями. На случай отключения электричества иметь электрические фонари. Для украшения елки использовать электрогирлянды мощностью не более 25 вольт. Запретить использовать не сертифицированную пиротехническую продукцию, в помещении использование пиротехнической продукции категорически запрещено.

При соблюдении данных требований Норм и Правил пожарной безопасности при проведении новогодних праздников.

Я думаю риск возникновения пожара снизится до минимума. Тем не менее, если возникнет пожар, то в первую очередь необходимо позвонить в пожарную охрану по телефонам «01», с мегафона 010 и с билайна 001, с городского 2-11-91 и сообщить о случившемся пожаре. После этого с помощью первичных средств пожаротушения попытаться потушить пожар.

**Старший дознаватель ОНД и ПР №14 лейтенант вн. службы И.А. АБДУЛАЕВ**

*Дин ва гIумру*

# ХIаким – халкъалъул хъулухъчи

*ХIакимзабазе бищун кIвар бугеб - ритIухълъи*



**Хирияв МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в) хIадисалда буго нужер щивав жавабиявлъун вугин ва щивас жаваб кьезе кколин жиндир бербалагьиялда ругезул. Гьаб дуниялалъул рокьоб кинабго нилъее Аллагьас хIалбихьиялъе кьураб буго: бечелъи, мискинлъи, унта-шокълъи.. хасаб хIалбихьилъун буго чиясул иманалъул щулалъи халгьабулеб ва гьеб буго хIакимлъи, тIадчилъи.**

ХIакимлъи, жавабияб хъулухъ буго цIакъ захIматаб, хIинкъи цIикIкIараб. Щайгурелъул, хIакимлъуда, хъулухъалда вугев чиясул ихтиярал цIикIкIарал рукIуна, гьесул ресги букIуна гIемерал масъалаби тIуразе. Цогидазухъа бажаруларел чIахIиял ишазда кверщелги букIуна. Гьелдаго рекьон, Къиямасеб кьоялъ Аллагьасда , цебе жавабчилъиги гIемерго цIикIкIараб букIуна. Чиясда жиндаго бараб букIуна кIудияб кири Аллагьасул рахъалъан щвей ва гьединго Аллагьасул цIин бахъинаби. Масала, жиндир ихтияр батун цоясе рес бугони халкъалъул гIумру бигьа гьабизе, ай лъим бахъун, газ бачун, нух къачIан, кьо бан, больницаялда регаразе бигьалъи гьабун, дараби, техника чIезабун, рес гьечIел гIадамазе хIукуматалъ бихьизабураб гIарац гьелде хIажатазухъе щвезабун лъикIал гIамалал гьаризе. Ялъуни гьеб гIарац жиндиегоги тун, кагътида харж гьабунинги хъван. Гьев хIаким сабаблъун халкъалъул мурадал тIуран пайда жамагIаталъе бугебгIан заманалъ гьесие кири хъвалеб букIуна, хIатта гьев хун хадубгицин тIаде бачIунеб цIикIкIуна. Гьединго ресги букIун гьабичIого таралъухъ, чвантиниб чияр мал лъуралъухъ, ялъуни цо захIмалъи халкъалда чIезабурабгIан заманалда щибаб лахIзат рикIкIун мунагьалги хъвалел рукIуна, Къиямасеб кьоялъ кьезе бугеб жавабчилъиги цIикIкIуна.

### Кинав вукIине кколев хъулухъчи?

Цо-цо чагIи хъулухъ щведал кинабго кIочон, хъачIлъун лъугьуна, цогидал рихьуларо, халкъалъул ишал кIочон жиндирго яшав роцIинабизе лъугьуна, ришватал росун халкъалъул магIишаталде, ракьазде кверал регьула. Амма кигIан гIадамал махсароде ккун, хIукуматалъул низам хвезабун диваналдаса рорчIаниги, Къиямасеб кьоялъул хIисаб-суалалдаса рорчIизе рес гьечIолъи кIочене бегьуларо. Гьеб кьоялъ щибго гьоркьоб течIого киналъулго хIасил гьабула ва кигIан гьитIинабги такъсиралъухъ, лъикIлъиялъухъ гIазабги ажруги букIуна. Аллагьасдаса , щибго бахчун бажаруларо, Гьесда кинаб лъала ва бихьула. ХIаким, раис кигIан гьитIинаб ишалда вугевги вукIине ккола жиндир жавабчилъиялда ругезе кумек гьабулевлъун. Гьоркь ругезе буюрухъал кьей гуребги жин- дилъ гIаданлъичилъи бугевлъун, жиндихъ бугеб ихтияр зулмуялъе хIалтIизабичIого ритIухъаб це- вехъанлъунги, мугIалимлъунги, гIадамазулгун хIал рекъезабизе лъалевлъунги, халкъалъул жавабал цIунулевлъунги, гурхIел бугевлъунги вукIине ккола. Исламалъ нилъеда малъула хIайваназдецин гурхIел-рахIму бугеллъун рукIаян ва гьединго бицун бугелъул гурхIел гьечIезда Аллагьги гурхIуларин.

### ГIадамазда кин кIалъалев?

Нухмалъулеллъун ругезе захIматаб суал букIуна жиндирго къадру-къимат гьоркь ругезда цебе хвелебин хIинкъи. ГIадамазул адабги цIунун, жиндирго къадруги хвезабичIого хьвадизе кIвей кIудияб махщел буго, киназухъаго гуро гьеб бажарулеб. Гьоркьохъеб нух батизе цо-цоязе квалкал гьабула рекIелъ бугеб чIухIиялъ, пахрулъиялъ. Амма кIочене бегьуларо хирияб хIадисалда абулеб бугеб: «РекIелъ хIургIанасебгIаги чIухIи бугев алжаналде лъугьунаро». КIочене бегьуларо тIадегIанаб хъулухъги, боцIиги, ресги гIицго Аллагьас кьураб букIин, мун цIакъав, тIокIав вукIун щвараб гуребльи. Бокьараб мехалъ Аллагьас нахъе босизеги рес букIуна гьеб. Цо болжалалде щвезегIан кьураб букIуна, щукру гьабуни цIикIкIинабулеб, щукру тани дагь гьабулеб гIадатги буго.

### ТIадчагIаз риччалел гъалатIал

• Буюрухъ кьолаго тIадчияс жиндирго хIалтIухъабазда цебе масъала лъезе ккола чIванкъотIун ва жиндие къваригIараб иш тIасакIалалъ абичIого, мухIканго бичIчIизабизе ккола. ГIемерзаб букIуна чIванкъотIун пуланаб иш гьабеянги абичIого, хадуб семулеб гIадат, щайдила гьадин гьабичIеб, дие додин къваригIун букIанин.

• Гьабураб хIалтIухъ гIадамазе жиндир заманалда мухь кьезе ккола ва гьеб кватIизабизе бегьула- ро. Чанги рукIуна моцIаз харж кьечIого гIадамазе гIакъуба кьолел чагIи. Гьеб жо зулму ккола. ХIадисазда абун буго зулму гьабурасул дугIаялдаса цIунагиян, гьелъие жаваб гьабулин капурчиясул дугIа гьеб батаниги. Цоги хIадисалда буго, гьабураб хIалтIухъ мухь кьейин хIалтIухъанасул гIетI бакьвалалде.

• Чагъир, гIаракъи хIалтIуда гьекъолел камуларо, киниги гьеб цIакъ кIудияб мунагь буго Аллагьас , хIарам гьабураб.

• ГIадамал инжит, хIакъир гьаризе бегьуларо, кигIан кIудияб хъулухъалда вугониги. Чорокаб мацIалдалъун гIадамазде ахIдон яхI хвараб хIалалъ хьвадизе бегьуларо. Исламалъ чиясул биги, боцIи- малги, къадруги хIарам гьабун буго. Гьелда хъвазе, чиясул къадру хвезабизе бегьуларо. Цо-цо тIадчагIаз цогидал рекъечIеб рагIи абун инжит- хIакъир гьарула, ай жидее данде ккечIел, гьелдаса хадуб цогидазулги гьев чиясдехун бербалагьи хисула. Чиядасан гьибат, бугьтан гьабуни, къадру хвезабуни, кигIан тавбу гьабуниги гьеб къабуллъизе ккани цин гьев чиясдаса тIаса лъугьин тIалаб гьабизе ккола.

ГьалатI кколарев чи вукIунаро, амма унго-унгояб тIадегIанлъи букIуна гьалатIги бичIчIун гьелдаса тавбу гьабун, хадубккун гьеб цIунизе кIварав ва гьелде вуссинчIого чIезе кIолев чиясул.

### ХIалтIухъабазе гIадлу кин гьабилеб?

Чанги букIуна хIалтIухъабаз жидерго тIалабал лъикI тIуразарулароан, гьезда щай гьедин бугебин абун кIалъазе тIадвугесде кколеб кьоги. Гьединал суалазулъ бищун кIвар бугеблъун буго ритIухълъи цIунун, сабру хвезе течIого кIалъазе лъай. ХалтIаби батIи-батIиял рукIуна, хIалтIухъабиги батIи-батIиял рукIуна, хIалтIул кIвар бугелги, щибго ургъел гьечIого хьвадулелги камуларо. Кинабго хIисабалде босун, ритIухълъиялда гьабизе ккола хIакимчияс тамихI. Къурав, данде жо абизе кIоларев хIалтIухъанасде кидаго ахIдон, семун, гьалатI ккарав гIагарав вугони щибго абичIого гьабулеб гIадлу-низамалъулъ гIадамал ратIа гьарун вукIинеги бегьуларо. Семизе кколев вугони, цогидазда цебе семичIого, батIаго вачун гIайиб ккун букIин бичIчIизабизе рекъа- раб букIуна. БагIалил ахиралда ва цогидал гIидалъул кьояз кьолеб напакъа (премия) гIадамал бащад гьарун кьезе ккола. Кибго ва сундулъго ритIухълъи цIунила. Кинавлъун вукIине кколев хIакъикъияв хIакимали мухIканго хъван буго имам Аль-Гьазалияс жиндирго «ТIадчагIазе насихIатал» абураб тIехьалда. Цоги, жакъа жамагIаталъул киналго рухIиял унтабиги ва гьезие дарабиги рехсараб кутакалда кIвар бугеб тIехь буго Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-хIажи афандияс хъвараб. Гьеб тIехь щивав хъулухъчиясул столалда тIад бугони ва зама-заманалдасан цIалулебги бугони, гIемерал гьалатIаздаса, мунагьаздаса, такъсираздаса цIунаравлъун, битIараб нух тIаса бищизе лъалевлъун вукIина.

# СВЕДЕНИЯ

## об избирательных участках МР «Тляратинский район», образованных для проведения выборов Президента Российской Федерации 18 марта 2018 г.

(в ред. Постановления №113 от 24.12.2012 г.)

| № п/п | № УИК | Наименование УИК | Населенные пункты | Место голосования | № тел. Пред. УИК | Сельсовет | Кол-во УИК |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **1412** | **Камилухский** | Камилюх | Камилюхский СДК | 89034699721 | *1. Камилухский* | 4 |
| 2 | **1413** | **Генеколобский** | Генеколоб | сельский клуб | 89064482210 | | |
| 3 | **1414** | **Герельский** | Герель | Герельская НОШ | 89633726438 | *2. Герельский* | 4 |
| 4 | **1415** | **Бетельдинский** | Бетельда | Бетельдинская НОШ | 89640160866 | | |
| 5 | **1416** | **Гортнобско-Ульгебский** | Гортноб, Ульгеб | Гортнобская НОШ | 89604094889 | | |
| 6 | **1417** | **Чородинский** | Чорода | сельская библиотека | 89604109575 | *3. Чородинский* | 4 |
| 7 | **1418** | **Салдинский** | Салда | Салдинская НОШ | 89034779993 | | |
| 8 | **1419** | **Колобский** | Колоб | здание сельадминистрации | 89640075945 | *4. Колобский* | 6 |
| 9 | **1420** | **Тлянадинский** | Тлянада | сельская библиотека | 89640053611 | | |
| 10 | **1421** | **Тохотинский** | Тохота | Тохотинский СДК | 89637927344 | *5. Тохотинский* | 3 |
| 11 | **1422** | **Верхне-Тохотинский** | Верхняя-Тохота | Тохотинская НОШ | 89637912408 | | |
| 12 | **1423** | **Саниортинский** | Саниорта | Саниортинская НОШ | 89640242439 | | |
| 13 | **1424** | **Цумилюхский** | Цумилюх | здание сельадминистрации | 89654867340 | *6. Саниортинский* | 6 |
| 14 | **1425** | **Нитиицухский** | Нитиицух | Нитиицухская НОШ | 89604118542 | | |
| 15 | **1426** | **Гараколобский** | Гараколоб | Гараколобская ООШ | 89640067307 | | |
| 16 | **1427** | **Талцухский** | Талцух | Талцухская СОШ | 89637993043 | | |
| 17 | **1428** | **Роснобский** | Росноб | Роснобская НОШ | 89640158966 | | |
| 18 | **1429** | **Кардибский** | Кардиб | Кардибская ООШ | 89637916497 | *7. Кардибский* | 2 |
| 19 | **1430** | **Гиндибский** | Гиндиб | Гиндибский медпункт | 89034695427 | | |
| 20 | **1431** | **Хадияльский** | Хадиял | Хадияльский сельский клуб | 89667690678 | *8. Хадияльский* | 3 |
| 21 | **1432** | **Никарский** | Никар, Баширкала | Никарский сельский клуб | 89634163106 | | |
| 22 | **1433** | **Сикарский** | Сикар | Сикарская СОШ | | | |
| 23 | **1434** | **Тляратинский** | Тлярата, Тилютли, Тохорда | КЦСОН сел. Тлярата | 89679390340 | *9. Тляратинский* | 6 |
| 24 | **1435** | **Надарский** | Надар, нижний-Черель | Надарская НОШ | 89640245905 | | |
| 25 | **1436** | **Укальский** | Укал | Укальская СОШ | 89634066980 | | |
| 26 | **1437** | **Хамарский** | Хамар | Хамарская НОШ | 89882606338 | | |
| 27 | **1438** | **Барнабский** | Барнаб | медпункт с. Барнаб | 89882719522 | | |
| 28 | **1439** | **Кутлабский** | Кутлаб | Кутлабский СДК | 89887996230 | *10. Село Кутлаб* | 1 |
| 29 | **1440** | **Гведышинский** | Гведыш | Гведышинский СДК | 89640140460 | *11. Гведышский* | 4 |
| 30 | **1441** | **Гиндухский** | Гиндух | библиотека с. Гиндух | 89064466808 | | |
| 31 | **1442** | **Хидибский** | Хидиб, Ангада, Гебгуда | здание сельадминистрации | 89634149968 | *12. Хидибский* | 2 |
| 32 | **1443** | **Чильдинский** | Чильда, Аликолоб | Чильдинская НОШ | 89637997850 | | |
| 33 | **1444** | **Чадаколобский** | Чадаколоб, Чодода, Котросо | Чадаколобский СДК | 89634247609 | *13. Чадаколобский* | 2 |
| 34 | **1445** | **Анцухский** | Анцух, Санатория, Мачаркалда | здание совхоза «Анцухский» | 89654891296 | | |
| 35 | **1446** | **Шидибский** | Шидиб, Тох, Карада, Бочох, Нух-б | здание сельадминистрации | 89604119939 | *14. Шидибский* | 4 |
| 36 | **1447** | **Ландинский** | Ланда, Хадаколоб, Хинтида, Санта | Шидибская НОШ | 89640106005 | | |
| 37 | **1448** | **Харадинский** | Харада | Харадинская НОШ | 89640053234 | | |
| 38 | **1449** | **Начадинский** | Начада, Тинчуда | здание сельадминистрации | 89604156996 | *15. Начадинский* | 3 |
| 39 | **1450** | **Бежудинский** | Бежуда | сельская библиотека | 89633700744 | | |
| 40 | **1451** | **Жажадинский** | Жажада, Хотлоб | Жажадинская НОШ | 89604196455 | | |
| 41 | **1452** | **Мазадинский** | Мазада, Хобох Тамуда Синида | Мазадинский СДК | 89604140907 | *16. Мазадинский* | 4 |
| 42 | **1453** | **Никлидинский** | Никлида, Роста | Никлидинская НОШ | 89634158502 | | |
| 43 | **1454** | **Нурухский** | Нурух | Нурухская НОШ | 89640007691 | | |
| 44 | **1455** | **Кособский** | Кособ, Гидатли, Магитли | Кособский СДК | 89637971952 | *17. Кособский* | 3 |
| 45 | **1456** | **Акнадинский** | Акнада, Хорода | Акнадинсая НОШ | 89618381728 | | |
| 46 | **1457** | **Хиндахский** | Хиндах, Албания, Чарах | здание сельадминистрации | 89604180338 | *18. Хиндахский* | 2 |
| 47 | **1458** | **Ибрагимотарский** | Ибрагимотар | Ибрагимотарский СДК | 89882173182 | *19. Гиндибский* | 2 |
| 48 | **1459** | **Калининский** | Калининаул | Калининская ООШ | 89640187326 | | |
| 49 | **1460** | **Тельманский** | Колхоз: «Тельмана»-Центр | контора колхоза «Тельмана» | 89289471290 | *Колобский* | |
| 50 | **1461** | **Победа-Центральный** | Колхоз: «Победа»-Центр | здание колхоза «Тельмана» | 89285412861 | | |
| 51 | **1462** | **Теречный** | Колхоз: «Победа»-Терек, Цимгуда | Теречная НОШ | 89679368038 | | |
| 52 | **1463** | **Тельмана-Теречный** | Колхоз: «Тельмана»-Терек, Гагар | Тельманская НОШ | 89886313207 | | |
| 53 | **1464** | **Гутанаульский** | Колхоз: «Свердлова», «Правда» | Гутанаульская НОШ | 89288315680 | *Камилюх, Кутлаб* | |
| 54 | **1465** | **Дахадаевский** | Колхоз: «М. Дахадаева» | здание колхоза | 89285479323 | *Чородинский* | |
| 55 | **1466** | **Хошкельдинский** | Колхоз: «М. Дахадаева» | здание колхоза | 89883083678 | | |
| 56 | **1467** | **Караузекский** | Колхоз: «22 Партсъезд» | здание колхоза | 89674057961 | *Камилухский* | |
| 57 | **1468** | **Ленинский** | Колхоз: «Ленина» | здание колхоза «Ленина» | 89034238871 | *Герельский* | |
| 58 | **1469** | **Шедринский** | К-з: «Чкалова», «Чадаколобский» | Шедринский СДК | 89285512140 | *Шидиб, Чадаколоб* | |
| 59 | **1470** | **Качалайский** | К-з: «Мазадинский», «Дагестан» | здание к-за «Мазадинский» | 89640219611 | *Мазада, Начада* | |
| 60 | **1471** | **Каратюбинский** | Нас. пункт «Каратюбе» | Каратюбинская НОШ | 89285116860 | *Хиндахский* | |
| 61 | **1472** | **Хородинский** | Колхоз: «Кособский» | здание НОШ | 89673965992 | *Кособский* | |
| 62 | **1473** | **Ждановский** | Совхоз: «Цумилюхский» | здание совхоза | 89634242768 | *Тохота, Саниорта* | |
| 63 | **1474** | **Орджоникидзевский** | Колхоз: «Орджоникидзе» | здание сельского клуба | 89637970670 | *Гведышский* | |
| 64 | **1475** | **Янгибинаевский** | Нас. пункт «Янгибина» | здание сельского клуба | 89188341047 | | |
| 65 | **1476** | **Фрунзенский** | Колхоз: «Фрунзе» | здание колхоза | 89887840362 | *Тляратинский* | |

Редактору районной газеты «Тлярата» Раджабову Р.А. опубликовать сведения не позднее 45 дней до дня голосования

*сахлъи - инсанасул бечелъи*

# Грипп ва ОРВИ

## *Кинаб хIинкъи гъездаса бугеб?*

**ЛъагIалида жанир цо нухалъгIаги гъал церехун рехсарал унтабаз толаро инсан унтичIого. Кинаб кIваркьей чорхое гъабуниги, гъал унтаби къезаризе кIолеб гьечIо. КIиго батIияб цIар**




**гъал унтабазул бугониги, гъабулеб даруги релъъарал, гIаламаталги цого-цо рукIуна: мегIер чвахи, борхараб температура, чорхол загIиплъи, бетIер унти, шекъер-мукъулукъ унти, ччорбал унти кваниде рокьукълъи. Босила ОРВИ-вирусная инфекция. Гьеб унти багъарулел вирусал чорхолъе щола цIалеб хIухьелалда цадахъ. ОРВИ цодагъаб тIадагьго уна гриппалдаса. Чорхол иммунитет, унтабазда дандечIей къуватаб бугони черх хехго сахлъула. Гьениб киназдаго лъазе ккола, ОРВИялда данде антибиотикал ва къуватал дараби хIалтIизаризе бегьулареблъи. ХIалтIизаризе лъикIал руго вирусал холел припаратал: арбидол, кагоцел, ингавирин, оциллококцинум ва цогидалги. Гьаниб лъазе ккола, Грипп ОРВИялда релъарал гIаламатал ругониги, гьеб ккола чорхое хIинкъи цIикIараб унти.**

Бищун гIемер дандчIвала гриппалъул кIиго возбудитель, H,N – свиной грипп ва HSN – птичий грипп. Гьел рухIчIаголъабаз жал унти гуребги, грипп тIибитIизабула. Бищунго хIинкъи цIикIараб унти ккола гьуъ-рузул. ГIемерал чагIи холла гьеб унтуца. Гьанибги буго цо хассаб гIилла, унтараз цIакъ кватIун гурони врачазда лъазабунгутIи, унти бергьине тей. Грипп цIакъго хIинкъи цIикIараб буго гIисинлъималазе ва лъимада йигей чIужугIаданалъе. Гриппалъул унтул гIаламатал цIакъ захIматал руго ОРВИялде данде ккун. Херал чагIи ва гIисинал лъимал унтула цIакъго захIматго: гьуърул, тIул, рокIел клапанал, гIадалнах. Нилъее риччалел ва нилъеца росулел дарабаз абизесеб кумек нилъер черхалъе гьабуларо.

### Щибха гьабизе кколеб сахлъизе ккани?

1) Унти багъарарабго врачасда лъазаби.

2) СахлъизегIан регила.

3) Сверухъ ругел гIадамазде унти бахичIого букIине рокъор чIезе ккола.

4) Тохтурас малъарал гурони дараби гьекъечIого тей.

Нужецаго гьекъарал дарабаз унти цIикIинабизе бегьбула. Унтараз хIалтIизаризе бегьула горчичникал, йодалъул сеткаби, хурдузул чай, гьоцIо, лимон, курага, имбирь. Унтарасе кумек гьабула витIун кваназе лъаялъ. ГIемер кваназе ккола пихъмичI. Бищунго унтарасе лъикIаб буго бацIадаб иццул лъим гьекъей. Физкультураялъул упражнениял гьари, къулун-ворхи ва цогидалги. Гьелъ чIаголъи кьола чорхое. Рокъоб цIунизе ккола бацIадаб гьава ва бакъ бугелъуве вахине ккола гьоркьо-гьоркьов. Къокъго хъван бугониги гьанир ругел малъа-хъваяз кумек гьабула. Сахлъи нужее.

**Дибир КIУЛИЗАНОВ,**
**ТIохьотIа росу.**

*спорт*

# РОСНОСЕЗ ЧIЕЛ БОСАНА

## *Районалда волейболалъул рахъалъ чемпионат тIобитIана*



**Декабралъул 12 къоялъ ЛъаратIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана волейболалъул рахъалъ районалъул кубок. Гьел къецал тIоритIана росабазул администрациязул командаязда гьоркьор, Конституциялъул къо кIодо гьабун. Тадбиралъул жавабиялги рукIана районалъул нухмалъи ва ЛъаратIа администрациялъул спорталъул комитет.**

Къецазда гIахьаллъи гьабуна кинабниги микьго командаялъ. Спорталъул комитеталъул нухмалъулев Давуд Рамазановас абуна, къецал ругин Конституциялъул къо баркун гурел, районалъул чемпионаталде командаби хIадур гьариялъул мурадалда гьарулел.

Давуд Рамазанов: «Жакъа нилъеда гIага-шагарго лъалеб буго къецазда гIахьаллъарал командабазул кинаб даража бугебали. Нижеца кIудияб хIалтIи гьабулеб буго 9 маялда киналго командаяз берцинаб хIай бихьизабизе. ЛъаратIа районалда лъагIалидаса лъагIалиде машгъурлъулеб буго гIолохъабазда гьоркьоб волейбол. Гьадинал къецаз нилъ ахIулел руго цолъиялде ва терроризмаялда данде рагъ баялде».

Волейболалъухъ балагьизе рачIана цо-цо районалъул нухмалъулелги. Гьенир рукIана районалъул бетIер Ражаб Ражабов, гьесул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулхаликъов, прокурор ГIумарасхIаб Рамазанов ва гьел гурел цоги хIакимлъиялъул махI бугел чагIи.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовасул рагIабазда рекъон, ахирал соназда волейбол цебетIолеб буго районалда. Рамазан ГIабдулатIипов республикаялде щвaралдаса цIикIун кIвар кьолеб бугила районалда гьеб спорталъе.

«ГIолохъанаб гIелалда гьоркьоб волейбол цебе тIун буго жакъа. Гьелъие гIемераб хIалтIи гьабун буго районалъул нухмалъиялъ ва спорталъул комитеталъ. Гьадинал къецал жакъа волейбол бокьулел чагIазе спортивиял байрамаллъун лъугьун руго. Районалъул нухмалъи кидаго хIадурун буго гIолохъанаб гIелалъе бокьараб спорталъул рахъалъ кIварал шартIал чIезаризе» - ян абуна Ражаб Рабовас.

Къеццазул хIасилалда лъабабилеб бакI щвана ЛъаратIа командаялъе, кIиабилеб бакI Кутлаб командаялъе ва тIоцебесеб бакI Роснoб росдал командаялъе. ТIадегIанал бакIал щварал командабазе кьуна шапакъатал.




# УСЗН сообщает:

**Разъяснение по осуществлению ежемесячной выплаты с января 2018 года малоимущим семьям при рождения (усыновлении) первого ребенка. Во исполнение поручения Министерства труда и социального развития республики Дагестан № 14-03/2-12/8068/17 от13.12.2017года организации работы по повышению информированности населения о предстоящей выплате Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» доводит до сведения граждан Тляратинского района**

Президент РФ В.В. Путин для поддержки рождаемости предложил с января 2018 года начать реализацию целого ряда новых мер поддержки российских семей. В связи с этим устанавливается ежемесячная выплата, которая будет предоставляться при рождении первого ребенка на детей, рожденных с января 2018 года и если размер среднедушевого дохода семьи не превышает 1.5-кратную величину прожиточного минимума трудоспособного населения, установленного в Республике Дагестан за второй квартал года, предшествующего году обращения за назначением указанной выплаты. Назначение и выплата указанного пособия начнется с января 2018 года в размере прожиточного минимума для детей, установленного в Республике Дагестан за второй квартал года, предшествующего году обращения за назначением указанной выплаты. Для оформления данного пособия родителям детей с соответствующими документами для определения дохода семьи необходимо обратиться в Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район».

### Перечень

документов необходимых для признания семьи малоимущей:

справка о составе семьи;

паспорта всех членов семьи;

свидетельства о рождении лиц до четырнадцатилетнего возраста;

свидетельство о заключении брака

справки о доходах в течение истекшего трехмесячного срока (для работающих)

справки с сель администрации о том, что не работают и не имеют дохода

справки из пенсионного фонда на всех членов семьи; – о пенсиях,

справки с мест учебы – о стипендиях,

справки из органа соцзащиты – о страховых выплатах,

справки из Центра занятости населения, если кто-то из членов семьи официально безработный;

справки МСЭ в случае инвалидности кого-либо из семьи;

При подаче копии документов оригиналы должны быть с собой!

# УСЗН сообщает:

### Информация для получателей детских ежемесячных пособий

Управление социальной защиты населения в МО «Тляратинский район» сообщает, что в соответствии с Законом Республики Дагестан от 26 декабря 2017 года № 100 «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов» предусмотрены средства на выплату базового ежемесячного пособия на ребенка на 2018 год в размере - 150 рублей; одинокой матери 300 рублей, детям разыскиваемых родителей и детям военнослужащих, проходящих военную службу по призыву, - 225 рублей).

### Информация для получателей детских ежемесячных пособий

В соответствии с Законом Республики Дагестан от 26 декабря 2017 года № 100 «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2018 год и на плановый период 2019 и 2020 годов» предусмотрены средства на выплату базового ежемесячного пособия на ребенка на 2018 год в размере - 150 рублей; одинокой матери 300 рублей, детям разыскиваемых родителей и детям военнослужащих, проходящих военную службу по призыву, - 225 рублей).

Редактор:
Раджабов Расул Абакарович
Газета гIуцIарал:
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

Адрес редакции:
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 , 29.12.2017
Заказ ____________